

# Ann explore Evanjelizasyon atravè Medya Sosyal

## Yon pwogram 45-minit nan yon fowòm pou granmoun

### **Avan w kòmanse**

Entènèt se yon nouvo kontèks li ye pou misyon k ap fèt, se yon kote moun kab devlope anpil relasyon ak lòt moun. Bondye deja ap travay pami nou nan sa, li la nan medya sosyal yo, sou entènèt la pi plis dejouanjou pou li kapab konekte moun youn ak lòt epi ak sa ki sen. Ti pwogram ki fèt nan yon fowòm byen kout la la pou li prepare moun òdinè pou yo aprann fè evanjelizasyon nan medya sosyal yo.

### **Preparasyon pou sesyon sa a**

- Limit tan: 45 minit (tou depan de ki kalite fowòm ou genyen)
- Moun n ap eseye touche: Granmoun oubyen jèn moun
- Anbyans lan: Saldeklas, bibliyotèk, sal pawasyal

### **Machasuiv pou sesyon an**

- Premye priyè: Yon priyè lidè fowòm nan, moun k ap asiste lidè fowòm nan oubyen manm pawas la ap fè
- Entwodiksyon an: Yon entwodiksyon lidè fowòm nan ap fè
- Aktivite a: Se yon aktivite lidè fowòm nan oubyen asistan lidè a ap dirije
- Konklizyon an: Lidè fowòm nan ap dirije pati sa a

### **Materyèl n ap bezwen**

- Aksè pou Wayfay
- Bwochi pou patisipan yo
- Liv pou priyè abityèl ou swa kopi Priyè pou kòmanse ak kopi Priyè final
- Tablo elektwonik oubyen tablo-konferans ak makè
- Foto pawas la pandan plizyè ane – Se kab foto nòmal oubyen foto ki fèt sou fòm dyaporama
- Yo gwo pankad ki gen foto Facebook legliz la, Instagram li, oubyen paj sitwèb li
- Bwochi pou patisipan yo
- Sa a opsyonèl: Mande manm yo vin ak telefòn anliny yo, tablèt yo a oubyen laptop yo

## **Nou kontan wè w**

Pandan patisipan yo ap antre nan sal la, salye chak moun ak yon bèl alo epi yon bèl souri. Fè yon fason pou tout moun jwenn materyèl y ap bezwen an. Si w ta renmen moun patisipe nan premye priyè a oswa nan priyè final la ak ou fè yon jan pou yo gen ase liv priyè oswa priyè ki enprime sou yon fèy papye pou chak patisipan. Lè w santi tout moun fin rantre legliz la, mande yo pou yo bese tèt yo pou yo lapriyè.

## **Premye priyè**

(Chwazi youn nan priyè anba yo oubyen di priyè pa w.)

O Bondye, ou fè tout moun sou latè ak yon sèl san, epi ou voye pitit ou a ki beni an pou li preche lapè bay tout moun toupatou: Pèmèt moun ki toupatou chache wou epi pou yo jwenn ou, mennen tout nasyon yo anba zèl ou, vide Lespri wou sou tout moun, epi etabli wayòm ou an sou tè a vit, gras ak Jezikri ki Seyè nou an, li menm ki ap viv e ki ap dirije avèk ou ansanm ak Lespri Sen an, yon sèl Bondye, kounye a epi pou tout tan. Amèn. (Liv priyè abityèl, 207—*Book of Common Prayer*, 207)

Papa nou ki gen bon kè, avan Pitit ou monte nan syèl nan tou glwa li, li te deklare, pèp ou a ap resevwa pouvwa Lespri Sen an pou yo tounen temwen li jouk nan dènye bout latè: Mache ak tou moun ki ap mache pwoklame Non li. Fè renmen ou an reyone nan temwayaj yo kon sa moun ki avèg va kapab wè, sa ki soud va tandè, sa k ap bwate va mache, moun ki mouri va leve epi sa ki malere va jwenn moun preche yo bon nouvèl la; Gras ak Jezikri Seyè nou an. Amèn. (Liv priyè pou sèvis tanzantan yo, 187—*Book of Occasional Services*, 187)

O Bondye, ou louvri chemen ki bay lavi ki pap janm fini an pou tout ras pou tout nasyon gras ak Lesentespri ou pwomèt la: Fè kado sa a janbe tout fontyè gras ak preche y ap preche levanjil la, kon sa l ap rive nan dènye bout latè a; Atravè Jezikri Seyè nou an, ki ap viv epi ki ap dirije ak ou, ki fè yon sèl ak Lesprisen an, yon sèl Bondye, pou tout tan gen tan. Amèn. (Liv priyè abityèl yo, 228—*Book of Common Prayer*, 228)

## **Entwodiksyon**

### **Lidè a:**

*Nou kontan wè w nan Fowòm pou Granmoun sou esplorasyon evanjelizasyon atravè medya sosyal yo. Jodi a nou pral gad kouman nou kab kòmanse viv daprè apèl nou genyen pou nou vin evanjelis etan yon kominote, yon legliz epi moun ki fè pati branch Episkopal la nan Mouvmàn Jezikri a. Nou pral pale sitou de sa nou rele chache Jezikri, mansyone non Jezikri, epi selebre prezans Jezikri nan pwòp lavi nou epi nan lavi lòt moun tou-nan tout espas dijital nou ye—nan pataje bon nouvèl Jezikri a ak renmen li an, gras ak yon afich alafwa. Men anvan sa, ann kòmanse gade konsepsyon teyolojik debaz pou apèl nou genyen pou evanjelize moun nan.*

(Yon nòt: mande yon moun ki vle pou li li pasaj sa a)

### **Moun nan:**

*Yon pasaj nan liv Travay Apot yo 1:8: “Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n a resevwa pouvwa lè sa a, n a sèvi temwen nan Jerizalèm, nan tout Peyi Jide epi nan tout Peyi Samari, jouk nan dènye bout latè.”*

### **Lidè a:**

- *Ki sa ti te frape w plis nan tèks la?*
- *Ki sa ki te fè kè w plis kontan epi ki sa ki te fè w plis pa santi w alèz nan tèks la ?*
- *Ki defi tèks sa a ba wou? (Paregzanp, tèks sa a mande nou pou nou al kote nou pa konnen pou nou al preche levanjil la—renmen Kris la)*

### **Lidè a:**

*Pou kèk nan nou, sèvi ak entènèt se tankou nou pral kote nou pa janm konnen oubyen al nan dènye bout latè. –janbe lanmè, oubyen ale andeyò oubyen menm ale nan yon lòt katye Men sèjousi, entènèt se kote sa yo menm Bondye mande nou pou nou ale pou nou preche mesaj renmen Jezikri a.*

## **Aktivite yo**

**Yon nòt:** 2 Aktivite sa yo ap ede gwoup ou a esplore kouman nou afiche enfòmasyon sou sit medya sosyal epi pou ki sa nou fè sa. Si ou gen yon gwoup ki gen anpil moun, divize li an 2 oswa an gwoup 3 moun. Si w gen yon gwoup (5 moun oswa mwens) ou pa bezwen divize gwoup sa a.

### **I. Aktivite imajinasyon**

Kòmanse ak sa: mande patisipan yo fèmen je yo, epi respire byen fò pandan twa fwa. Ak sa y ap kab debarase lespri yo de tout enkyetid (lis sa yo gen pou yo regle, aktivite yo gen pou yo fè nan fen jounen an, eksetera). Apre sa, poze yo kesyon sa yo. Ba yo kèk segonn ant chak kesyon avan w kontinye. Mande yo reflechi sou repons pa yo epi kenbe repons lan nan tèt yo:

### **Lidè a:**

*Sonje dènye fwa ou te afiche/pataje yon foto sou yon sit medya sosyal.*

- *Ki sa ou te afiche?*
- *Ki kote ou te ye?*
- *Ki aparèy ou te itilize pou w afiche mesaj la (telefòn, òdinatè, eksetera)?*
- *Sou ki sit ou te afiche mesaj la? (Instagram, Facebook etc.)*
- *Pou ki sa ou te deside afiche mesaj la?*
- *Ki repons ou te resevwa?*

### **Lidè a:**

*Ou mèt ouvè je w kounye a. Pase yon ti moman an ti gwoup pou nou pale de repons nou yo.*

**Yon nòt:** Avan nou kòmanse oubyen pandan ti gwoup la ap fonksyone, prepare yon tablo elektwonik oubyen yon tablo pou konferans—trase yon liny vètikal ak yon liny orizontal ki remèt kat kadran. Nan tèt chak kare yo ekri pawòl sa yo: Chache \* Mansyone\* Selebri\* Fè envitasyon.

**Lidè a:**

Èske gen yon oubyen de nan nou ki kab di nou si sa li te afiche a se yon afich ki te pale de “Chache” – yon afich ou te afiche kote ou tap chache ankourajman, konsèy, petèt yon vrè sèvis oubyen yon bagay, ouswa ou tap reponn yon moun ki tap chache yon bagay li menm? (Remèsye moun yo pandan w ap fè yon rezime nan sa yo di pou afich CHACHE a).

Kounye a èske gen kèk moun ki kab di nou sa yo fè nan afich sou “Mansyone” a – yon afich ki gen yon mesaj sou laverite, oubyen ou rakonte yon istwa, oubyen yon pawòl ki fè moun wè kesyon laverite a yon lòt jan? (Remèsye moun yo pandan w ap fè yon rezime nan sa yo di pou afich MANSYONE a).

Kilès ki te fè yo afich “Selebri” – yon afich ki selebri yon okazyon, ki selebri yon moun oubyen yon bon nouvèl? Èske ou kapab pataje sa ou te afiche yo avè nou? (Remèsye moun yo pandan w ap fè yon rezime nan sa yo di pou afich SELEBRE a)

Finalman, èske gen yon moun ki te fè yon afich pou li te fè yon Envitasyon—yon afich ki te envite moun nan yon aktivite, sipòte yon kòz, oubyen fè yon aksyon? Èske ou kapab pataje sa ou te afiche yo avè nou? (Remèsye moun yo pandan w ap fè yon rezime nan sa yo di pou afich ENVITASYON an)

**Lidè a:**

Kwè m si nou vle, sa nou fèk sot fè a la a se yon egzanp evanjelizasyon dijital li ye. Se sèten se pat evanjelizasyon nan non Jezikri oubyen nan non legliz la li te ye, men se evanjelizasyon li ye kan menm. Ou sèvi ak entènèt la pou w ofri konsèy oubyen ankourajman, pou w pale de laverite epi pou nou youn bay lòt temwayaj yo, pou nou selebri bon nouvèl la epi envite lòt moun vin kolabore avè w. Afiche ou afiche afich sa yo enspire lòt moun pou yo aji, pou yo sonje lòt epi pou yo kenbe kontak ak lòt. Ou kapab wè sa atravè repons ou jwenn pou sa ou afiche yo. Kounye a, ann chanje koze a yon ti kras, epi ann chache analize pwòp lavi kominotè pa nou.

## 2. Aktivite Achiv

Yon nòt: Òganize yon ti gwoup foto kongregasyon an fè nan ane ki pase yo, ak kèk anons yo fèk mete sou medya sosyal yo (Facebook, Instagram, sitwèb legliz la. Chèche foto tankou foto batèm, foto konfimasyon, foto benediksyon bildin, foto selebrasyon nouvo ministè, foto premye jou lekòl bibliik pou jèn moun nan vakans, eksetera.

Divize klas la an ti gwoup ankò. Bay chak gwoup yon foto apa. Mande yo pou yo pale de foto a epi vini ak yon echantyon yon afich pou medya sosyal apati de foto a. Si w wè yo kole ba yo endis sa yo:

- Èske ou sonje moman sa yo nan istwa legliz ou a?
- Kilès ki te la?
- Ki odè ou te pran?
- Kouman ou te santi w?
- Ki rad ki te gen sou wou epi ki rad ki te sou lòt moun yo?
- Ki sa ou te espere ki tap rive jou sa a?
- Ki sa jou sa a oubyen ki sa aktivite sa a te vle di pou wou?

Aprè 5 a 7 minit, mete tout gwo yo ansanm.

Mande chak gwoup pou yo pale de foto yo a epi de “afich” yo a?

### **Lidè a:**

*Nan ki kategori afich ou a tonbe? (Chache J?, Mansyone? Selebri? Fè envitasyon?)*

Lè tout moun fin di sa yon gen pou yo di a, felisite yo. Yo fèk sot ekri premye afich pou evanjelizasyon dijital yo!

## Ann mete sa an Pratik

### Lidè a:

Avan nou ale jodi a, tanpri ekri yon lide pou yon afich sou Fèy travay lakay nou an. Idantifye yon fason ou kapab chache Jezikri, mansyone non li, oubyen selebre renmen Jezikri a nan istwa pa w la oubyen nan istwa yon lòt moun oubyen chache jwenn yon fason ou kab envite moun pou yo aji, pou yo fè kèk refleksyon oubyen priye avèk ou. Petèt ou ta renmen afiche yon bagay ki baze sou esperyans pa w jodi a. Ekri de mo sou sansasyon pozitif ou te santi akoz yon bagay k ap pase nan legliz nou an, oubyen akoz de fason ou konprann kesyon evanjelizasyon an vin chanje. Petèt ou ta renmen chwazi yon sijè sou legliz nou an ou ta renmen fè lemond antye konnen ouswa yon aktivite ki pral fèt nan legliz la.

Bay tout moun yon ti tan pou yo ekri yon ide pou yon afich sou fèy pou travay lakay la yo.

### Lidè a:

Men kontra nou an. Le \_\_\_\_\_ (chwazi yon dat pou w fè suivi a) youn ap tcheke ak lòt pou n wè kouman nou tout ap boule. Jou sa a w ap pote swa yon kopi afich Evanjelizasyon Dijital pa w oubyen w ap an mezi montre gwoup la afich ou a sou telefòn ou. Apre sa n ap selebre epi youn ankouraje lòt pou efò li fè, epi n ap pataje sa nou aprann nan esperyans sa a.

Lè gwoup la fini, montre jan ou pral afiche yon Evanjelizasyon Dijital sou youn nan sit medya sosyal ou pi renmen yo, oubyen sou sit legliz nou an. Si sa posib fè sa sou yon televizyon ki gen yon gran ekran oubyen gras ak yon pwojektè epi yon ekran. Met sou sa fè yon jan pou w itilize siny sa yo @ oubyen # kòrèkteman pou afich ou a.

Se ap yon bon lè pou esplike lòt moun sa hashtag ye epi kouman pou yo itilize senbòl sa a “@”. Hashtags yo se fason yo fè lyen epi yo kategorize afich yo tankou yon sistèm pou klase dokiman. Paregzanp si w ap chache #episcopalchurch, ou ap jwenn afich moun toupatou sou latè te mete pou yo pale de esperyans yo oubyen pou yo afiche foto ki an rapò ak Legliz Episkopal. Senbòl @ la se yon senbòl yo itilize pou yo fè lyen ant moun ak moun, biznis ak biznis oubyen òganizasyon ak òganizasyon. Paregzanp, si w adisyone @bishopcurry nan yon afich sou Twitter, moun k ap suiv ou yo ap kapab al gade sa ki sou kont moun sa a.

### Aktivite opsyonèl:

Si patisipan yo vini ak aparèy yo epi yo gen yon kont medya sosyal, pase on ti tan pou w asire w tout moun ap suiv legliz ou a sou medya sosyal oubyen Legliz Episkopal la sou chak platfòm ki genyen. Si sa posib, mande chak moun pou yo pataje prezantasyon ou fè a sou kont yo afiche a.

## **Pou n fini**

### **Lidè a:**

*Evanjelizasyon se chache Jezikri, mansyone non Jezikri, epi selebre bon nouvèl renmen Jezikri nan istwa tout moun epi nan istwa pa n yo tou, epi ankouraje moun dekouvri yon bagay anplis. Se kote nou sèvi ak entènèt la pou nou chache Jezikri, mansyone non Jezikri, epi selebre renmen sa a tout espere, pandan nou ap rive nan dènye bout latè ak sa, tankou Apot Pòl te ankouraje premye kretyen yo fè sa nan tan lontan. Men se pou nou konsyan de sa epi se pou nou fè sa tout espere. Se pou nou pran yon ti tan pou n afiche foto volontè k ap ranpli etajè gad manje yo, oubyen ekri yon istwa sou kouman prèch dimanch lan te chanje fason w panse, oubyen akeyi nouvo manm nan legliz la. Fòk nou fè moun konnen pòt nou louvri pou yo, kè nou ouvè pou yo, epi nou ta renmen konnen yon bagay de yo.*

*Aprè tou, nou pratike evanjelizasyon dijital sou sit Facebook ak sit Instagram ofisyèl nou an men nan pwòp afich pèsònèl nou yo epi ak pwòp enfòmasyon pa nou. Legliz la kab afiche bèl foto ak enfòmasyon ki itil tout lasantjounen, men se temwayaj ou sou Facebook, oubyen selebrasyon w lan sou Instagram pou renmen Jezikri a ki ap parèt pi vizib, se mesaj lafwa wou sou Twitter—se yo ki ap sonnen pi fò. Si w fè lòt moun konn afich sa yo w ap pouse moun ki nan rezo pa w la pou yo aji, pou yo sonje epi pou yo konekte. Se afich pa w la—se pa pa Legliz la—k ap fè firè. Men se yon bagay ki pou fèt tout espere epi avèk renmen.*

*Kouman pou nou rive fè sa regilyèman? Ou deja kòmanse depi jodi a.*

*(Menm jan ak premye priyè a, sèvi ak priyè ki anba a oubyen ak priyè pa w. Si w vle lòt moun priye avè w, mete liv priyè oubyen fèy priyè disponib pou yo).*

*Bondye Papa nou ki nan syèl la e ki toupisan an, ou deklare glwa ou epi ou demontre travay ou fè ak pwòp men wou nan syèl la epi sou tè a: Wete nou nan tout aktivite n ap fè pou enterè pèsònèl nou ase kon sa nou kapab fè travay ou ban nou fè yo nan laverite ak bèlte pou byen tout moun; poutèt Piti ou Jezikri Seyè nou an, ki te vini pami nou kòm sèvitè, li menm ki ap viv epi ki ap dirije avèk ou ansanm ak Lesprisen an, yon sèl Bondye, pou tout tan gen tan. Amèn. (Liv priyè abityèl 261—Book of Common Prayer, 261)*

## **Lyen ki kab ede w:**

<https://twitter.com/iamepiscopal>

<https://www.facebook.com/episcopal>

<https://www.instagram.com/theepiscopalchurch>

[www.episcopalchurch.org/evangelismtoolkit](http://www.episcopalchurch.org/evangelismtoolkit)

[www.episcopalchurch.org/digitalevangelism](http://www.episcopalchurch.org/digitalevangelism)